

BAB I

BUBUKA

A. Kasang Tukang Panalungtikan

Standar prosés pendidikan mangrupa tatapakan pikeun guru dina ngalaksanakeun prosés diajar ngajar. Standar prosés pendidikan téh ngawengku rarancang dina prosés diajar, prakna prosés diajar, évaluasi sarta *pengawasan* dina prosés diajar. Éta hal téh saluyu jeung Peraturan Pemerintah Republik Indonesia Bab IV No. 19 taun 2005 ngeunaan Standar Prosés (Arifin, 2013:46).

Jaman kiwari kualitas prosés pendidikan beuki nyirorot baé. Ti mimiti rarancang prosés diajarna, prakna, nepi ka cara ngajén hasil prosés diajar. Kualitas anu beuki nyirorot téh katémbong pisan dina hasil prosés diajar atawa peunteun parasiswa anu beuki handap. Dina pangajaran basa Sunda éta hal téh katémbong ogé tina hasil évaluasi ahir parasiswa anu asor. Rata-rata parasiswa teu bisa ngahontal peunteun KKM pangajaran basa Sunda anu lumayan luhur nya éta leuwih ti 70. Maluruh ngeunaan hasil diajar siswa, évaluasi téh mangrupa hal anu penting pisan. Évaluasi mangrupa gambaran nu bisa nangtukeun kualitas pendidikan. Kualitas pendidikan téh hadé atawa goréng bisa katingali tina hasil évaluasi parasiswa. Évaluasi mangrupa salah sahiji standar prosés pendidikan nu miboga tujuan pikeun ngukur kahontal atawa henteuna tujuan pendidikan. Ku sabab éta évaluasi téh bisa nangtukeun kualitas pendidikan. Kualitas pendidikan nu hadé atawa luhur téh nya éta nalika tujuan tina pendidikan kahontal. Kitu deui dina pangajaran basa Sunda nu jaman kiwari katingalina beuki nyirorot lantaran hasil évaluasina goréng.

Hasil évaluasi nu goréng téh salian ti dibalukarkeun ku faktor kamampuh siswa bisa ogé salah sahijina dilantarankeun ku alat évaluasi éta sorangan. Masalah nu aya hubungan jeung alat évaluasi téh nya éta alat évaluasi nu teu nyumponan kana ukuran kualitas évaluasi. Kualitas alat évaluasi nu hadé mangrupa alat évaluasi anu miboga tingkat validitas jeung réliabilitas anu luhur. Validitas téh bisa disebut ogé *sahih/sohéh* nu hartina éta tés téh disebut valid lamun nyumponan tingkat validitas anu luhur atawa éta tés téh ngukur naon-naon

waé nu rék diukur (Suyatna, 2002:73) sedengkeun réliabilitas bisa disebut ogé ajeg nu hartina éta tés téh méré hasil anu tetep (Suyatna, 2002:82). Alat évaluasi pangajaran basa Sunda nu teu nyumponan kana tingkat validitas jeung réliabilitas nu luhur téh hartina éta alat évaluasi miboga kualitas goréng. Teu saluyuna soal dina alat évaluasi jeung tujuan pangajaran basa Sunda (Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) ngabalukarkeun hasil évaluasi siswa nu goréng, lantaran éta soal euweuh patalina jeung matéri nu diajarkeun. Salian ti alat évaluasi nu teu nyumponan kana tingkat validitas jeung réliabilitas, alat évaluasi gé henteu diuji cobakeun heula nu matak éta alat évaluasi téh teu dipikanyaho layak henteuna jadi alat évaluasi pikeun ngukur kamampuh parasiswa.

Salah sahiji jinis tés pikeun ngaévaluasi dina pangajaran basa Sunda téh nya éta tés sumatif. Tés sumatif mangrupa tés nu aya di ahir semestér/ahir kelas/ahir *jenjang* (Wirasasmita, 1998:4) atawa kiwari mah sok biasa disebut UAS (Ujian Ahir Semester). Tés sumatif mangrupa tés anu penting pisan dilaksanakeun lantaran éta tés téh bisa mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nyangkem pangajaran basa Sunda salila sasemester. Biasana tés sumatif miboga ajén nu panggedéna ti batan tés-tés nu séjén nya éta ajénna dua kali ti batan tés séjén. Ku lantaran ajénna leuwih gedé, éta tés téh mangaruhan pisan kana hasil ahir évaluasi siswa. Masalahna hasil tés sumatif parasiswa dina pangajaran basa Sunda téh handap pisan nu ngabalukarkeun hasil évaluasi akumulatifna gé goréng. Saluyu jeung pedaran di luhur hasil tés sumatif siswa goréng téh ku sabab soal tés sumatif teu nyumponan kana ukuran kualitas évaluasi nya éta tingkat validitas jeung réliabilitas. Sakuduna soal tés sumatif téh dijieun dumasar kana kualitas évaluasi. Butir-butir soal tés sumatif kudu ditingali tingkat hésé babarina, butir soal teu hésé teuing sarta teu babari teuing. Tapi dina kanyataanna soal pikeun tés sumatif dijieun teu ningali kana kualitas alat évaluasi nu matak éta hasil tés sumatif parasiswa téh handap. Handapna hasil tés atawa évaluasi ngabalukarkeun kualitas pangajaran basa Sunda nu handap.

Pentingna alat évaluasi pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nyangkem pangajaran basa Sunda sarta pikeun nangtukeun kualitas pangajaran basa Sunda ngahudang panyusun pikeun nalungtik ngeunaan kualitas évaluasi tés

sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin Kota Bandung. Ieu panalungtikan téh penting pisan pikeun mikanyaho kumaha kualitas soal tésumatif di MTs Sirnamiskin. Pikeun mikanyaho kualitas soal tésumatif, soal tésumatif diukur dumasar kana tingkat daya pangbéda, tingkat hésé babarina soal, tingkat validitas, jeung réliabilitas soal. Sabenerna panalungtikan anu medar ngeunaan tésevaluasi geus dilaksanakeun ku sababaraha panalungtik nya éta ku Yayan Mulyana dina taun 2004 ngeunaan *Kualitas Instrumén Évaluasi Mata Kuliah Morfologi di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI Taun Ajar 2002/2003* dina taun 2004. Panalungtikan ngeunaan *Analisis Rélevansi Soal UAS Basa Sunda jeung KTSP di SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009/2010* ku Dahlia Nurwulandari dina taun 2010. Panalungtikan ngeunaan *Analisis Soal Ujian Akhir Semester (UAS) Basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajar 2010/2011* ku Fitri Apriyanti dina taun 2011. Panalungtikan ngeunaan *Kualitas Soal Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung Semester Ganjil Taun Ajar 2010/2011* ku Muizza Indah Lestari sarta panalungtikan-panalungtikan séjén saméméhna. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén nya éta ditilik tina objékna. Nu jadi objék ieu panalungtikan nya éta sakola MTs (Madrasah Tsanawiyah). Panalungtikan saméméhna can aya nu medar ngunaan analisis kualitas tésumatif di tingkat Madrasah Tsanawiyah nu mangrupa sakola satingkat SMP nu miboga dadasar atawa tatapakan ageman Islam. Ieu panalungtikan nu judulna “Kualitas Soal Tésumatif Pangajaran Basa Sunda di MTs Sirnamiskin Taun Ajaran 2012/2013” dipiharép bisa méré pangaweruh ngeunaan kualitas alat évaluasi sarta bisa méré *feed back* utamana pikeun guru basa Sunda atawa nu nyusun alat évaluasi sangkan bisa nyieun soal tésumatif anu miboga kualitas hadé atawa saluyu jeung ukuran kualitas alat évaluasi nu bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda.

B. Watesan jeung Rumusan Masalah

1. Watesan Masalah

Dina ieu panalungtikan, pedaran ngeunaan évaluasi diwatesanan nya éta ngeunaan kualitas évaluasi nu mangrupa tésumatif ditilik tina tingkat validitas

Devi Meylani Sutarjat, 2013

KUALITAS SOAL TES SUMATIF PELAJARAN BAHASA SUNDA DI MTS SIRNAMISKIN TAHUN AJARAN 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

eusi soal, tingkat réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, jeung tingkat daya pangbéda soal basa Sunda dina wangun pilihan ganda (PG) jeung éséy dina semester ganjil taun ajaran 2012/2013 tingkat *satuan pendidikan* Madrasah Tsanawiyah.

2. Rumusan Masalah

- a. Kumaha tingkat validitas eusi soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013?
- b. Kumaha tingkat réliabilitas soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013?
- c. Kumaha tingkat hésé babarina soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013?
- d. Kumaha tingkat daya pangbéda soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013?

C. Tujuan Panalungtikan

1. Tujuan Umum

Sacara umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun kualitas soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin Kota Bandung taun ajar 2012/2013.

2. Tujuan Husus

Tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. tingkat validitas eusi soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013;
- b. tingkat réliabilitas soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013;
- c. tingkat hésé babarina soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013; jeung

- d. tingkat daya pangbéda soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013.

D. Mangpaat Panalungtikan

1. Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan tingkat validitas eusi, tingkat réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, jeung tingkat daya pangbéda soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013.

2. Mangpaat Praktis

Sacara praktisna, ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat pikeun guru, siswa, sarta nu nyusun.

a. Pikeun Guru

Mangpaat anu bisa dihontal pikeun guru nya éta sangkan ieu panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan kumaha nganalisis alat évaluasi sarta dipiharep ieu panalungtikan bisa méré *umpan balik* pikeun guru sangkan bisa ngoméan alat évaluasi pikeun ngamekarkeun kualitas pangajaran basa Sunda dina mangsa kahareupna.

b. Pikeun Siswa

Pikeun siswa mangpaatna ieu panalungtikan téh nya éta sangkan bisa migawé soal évaluasi hususna soal sumatif nu miboga kualitas dumasar kana tingkat validitas, tingkat réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, jeung tingkat daya pangbéda anu hadé.

c. Pikeun Nu Nyusun Panalungtikan

Pikeun nu nyusun, ieu panalungtikan gedé pisan mangpaatna. Utamana dina nambahan pangaweruh ngeunaan analisis kualitas évaluasi ditilik tina tingkat validitas, tingkat réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, jeung tingkat daya

pangbédana. Salian ti éta ieu panalungtikan bisa méré gambaran kumaha kualitas évaluasi tés sumatif di tingkat *pendidikan* Madrasah Tsanawiyah hususna di MTs Sirnamiskin.

E. Struktur Organisasi Skripsi

Ieu skripsi ngawengku lima bab. Bab 1 nya éta bubuka nu eusina ngeunaan kasang tukang masalah panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi.

Dina bab 2 dipedar ngeunaan tiori-tiori nu aya patalina jeung panalungtikan ieu skripsi. Ieu bab nu judulna “Ulikan Tiori jeung Anggapan Dasar” dipedar tiori-tiori ngeunaan évaluasi hasil diajar, ciri-ciri alat évaluasi, tés minangka alat évaluasi, validitas, réliabilitas, jeung analisis butir soal. Salian ti éta dipedar ogé ngeunaan anggapan dasar.

Bab 3 nya éta métode panalungtikan, dipedar ngeunaan lokasi, data, populasi jeung sampel panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab 4 eusina mangrupa hasil jeung pedaran panalungtikan ngeunaan kualitas soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013. Ieu déskripsi hasil analisis ngawengku tingkat validitas eusi soal, tingkat réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, jeung daya pangbéda soal.

Bab 5 eusina mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi ngeunaan hal-hal anu kapanggih dina panalungtikan nu didéskripsikeun dina kacindekan sarta rékoméndasi.